

PETA KONSEP BAHASA JAWA
WULANGAN 7

Crita wayang kajupuk saka crita negara
India yaiku

RAMAYANA LAN MAHABHARATA

Unsur Intrinsik Teks Crita Wayang :

1. Tema
2. Paraga lan wewatakane (tokoh lan sifat)
3. Setting / latar panggonan, suasana, wektu
4. Amanat

- ✓ Wayang asale saka tembung yang / hyang
- ✓ Crita wayang kalebu kasusastran karya tulis sing diwarisake dening para leluhur kanthi cara turun temurun
- ✓ Menurut wektu lan dumadine crita, crita wayang kalebu crita zaman kuno sing isine nyritakake ngenani lakune manungsa.

Piranti ing Pagelaran Wayang Kulit :

1. Wayang kulit : Wayang sing digawe saka kulit sapi utawa kebo
2. Kelir : Mori (kain putih kang didadekake geber. Kelir iki nggambarake jagad, papan panggonan, duumadine crita utawa lakon)
3. Gedebog : Digunakake kanggo nancepake wayang
4. Blencong : Lampu (pepadang) sing madangi kelir
5. Cempala : Piranti sing digawe saka kayu, dithuthukake ing kotak wayang. Gunane kanggo menahi ada-ada utawa pratanda kanggo kidalang
6. Kepyak : Wujud wilahan tipis, cacahé 3 - 4 lapis. Gunane meh padha karo cempala

PANDAWA



- ✓ Crita wayang Mahabharata nyritakake lelakone Pandhawa lan Kurawa
- ✓ Crita Ramayana nyritakake lelakon katresnane Rama lan Dewi Sinta

Petugas ing Pagelaran Wayang :

1. Dalang : Wong sing ngelakokake wayang
2. Niyaga : Wong sing nabuh gamelan
3. Warangga : Wong sing nembang